# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस के नौ विधानसभा सीटिनि पर बीस नवम्बर के होखे वाले मतदान बदे चुनाव प्रचार आजु संझा थमि कइल। एकरे पहिले भाजपा, समाजवादी पारटी, बसपा के सथहीं अउरियो दल आजु चुनाव प्रचार के आखिरी दिन्ने चुनावी सभा अउर रोड–सो कइ के अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष ओट दिहले क अपीलि कइलें। बनारस में भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही एगो पत्रकार वार्ता में कहलें कि बिपक्ष चाहे केतनों जोर लगा ले उप चुनाव में भारतीय जनता पारटिये जीती। ओहीं कानपुर नगर के सीसामऊ सीटि से भाजपा ओम्मेदवार सुरेश अवस्थी के पक्ष में भाजपा सांसद रवि किशन ओट दिहले क अपीलि कइलें। राष्ट्रीय लोकदल क राष्ट्रीय अध्यक्ष अउर केन्द्रीय राज्य मंत्री जयंत चौधरी मीरापुर विधानसभा क्षेत्र में आयोजित जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि भाजपा–रालोद गठबंधन किसानन अउर देस के तरक्की बदे कार कइ रहल हवे। ओहर समाजवादी पारटी क अध्यक्ष अखिलेश यादव येह उपचुनाव के बिच्चे बड़हन बेयान दिहले हउवें।

सपा अध्यक्ष सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये येह चुनाव के संविधान बनावे वाले अउर मिटावे वाले के बिच्चे क बतवलें अउर दावा कइलें कि पीडीए संविधान क रक्षा करी। येही क्रम में मुजफ्फरनगर जिला के मीरापुर विधानसभा सीटि से एआईएमआईएम क राष्ट्रीय अध्यक्ष असदुद्दीन ओवैसी ककरौली में ओम्मेदवार अरशद राणा खातिर परचार कइलें।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु लखनऊ के ख्वाजा मुइनुद्दीन चिश्ती भाषा विश्वविद्यालय के नउवां दीक्षांत समारोह में सामिल भइलिनि। समारोह में राज्यपाल एक सौ बत्तीस छात्र–छात्रा लोगिन के एक सौ ओन्चास पदक दीहलिनि। येह मौका पर अपने सम्बोधन में राज्यपाल कहलिनि कि भारत प्राचीने काल से ज्ञान–विज्ञान के क्षेत्र में आगे रहल हउवे बाकिर येह ज्ञान के छिपा दिहल गइल रहे। रामपुर के रजा लाइब्रेरी क जिकिरि करत उहां के कहलीं कि ओइजा अइसन–अइसन अनमोल किताबि हउवे जिन्हें सज्जो लइकन के पढ़े के चाहीं। दीक्षांत समारोह में मुख्य अतिथि केन्द्रीय पेट्रो रसायन अभियांत्रिकी अउर प्रौद्योगिकी संस्थान सीपेट क महानिदेसक प्रोफेसर शिशिर सिन्हा सामिल भइलें। दीक्षांत समारोह में प्रदेस क उच्च शिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्यायो मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक झांसी मेडिकल कॉलेज में भइल अगिलग्गी के घटना जइसन दुरघटना भविस्य में न होखे एकरे बदे आजु विभागीय अधिकारियन के साथे लखनऊ के एनेक्सी भवन में बइठकी कइलें। येह दौरान श्री पाठक अधिकारियन के सज्जो मेडिकल कॉलेज में फायर सेफ्टी ऑडिट करवले क निरदेस दिहलें, सथहीं अइसन घटना से निपटे खातिर समय–समय पर मॉकड्रिलो करावे के कहलें।

**********

केंद्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी आजु भारतीय पुरातत्व विभाग के टीमि के मौजूदगी में महाराजगंज के कन्हैया बाबा स्थान पर होखे वाले उत्खनन कार क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री कहलें कि हजारों सालि पहिले येही क्षेत्र से भगवान बुद्ध अहिंसा क जवन राहि देखवलें ऊ पूरा दुनिया में फइलल। उहां के कहलीं कि खोदाई में प्रमाणित भइले के बाद येह क्षेत्र क चहुंमुखी विकास होई अउर पर्यटन के बढ़ावा मिली। सोहगीबरवा वन्यजीव प्रभाग के जंगल में स्थित कन्हैया बाबा स्थान के बुद्ध के अठवां अस्थि स्तूप क मान्यता हउवे जहवां आजु से उत्खनन कार क सुभारम्भ हो गइल।

**********

गोरखपुर के वीर बहादुर सिंह स्पोर्ट्स स्टेडियम में चलि रहल अड़सठवीं राष्ट्रीय विद्यालयीय कुस्ती प्रतियोगिता के तिसरका दिन्ने आजु हरियाणा के पहलवानन क कुस्ती में दबदबा रहल। आजु के कुस्ती प्रतियोगिता में उत्तर प्रदेश, हरियाणा, पंजाब, दिल्ली, कर्नाटक, तमिलनाडु, केरल, तेलंगाना, राजस्थान, मध्यप्रदेश, गुजरात, मणिपुर, विद्या भारती, नवोदय विद्यालय, नगालैंड ,उड़ीसा अउर आंध्र प्रदेश क पहलवान लोगि कुस्ती में आपन दमखम देखवलें। हरियाणा क पहलवान लोगि कई गो भार वर्ग में अपने बिरोधियन के धूरि चटा के पदक पर कबजा जमा लिहलें।

**********

प्रयागराज में अगिला सालि दुइ हजार पचीस में होखे वाले महाकुंभ में नेत्र कुंभो क आयोजन होई। करीब दुइ महिन्ना ले चले वाले येह नेत्र कुंभ में देस भर क प्रतिस्ठित आंखी क डॉक्टर लोगि आंखि के मरीजन क इलाज करिहें। ई जनकारी आजु प्रयागराज में नेत्रकुंभ आयोजन समिति क अध्यक्ष कविन्द्र प्रताप सिंह पत्रकार वार्ता में दिहलें। उहां के बतवलीं कि महाकुंभ दुइ हजार पचीस में बारह जनौरी से छब्बीस फरौरी ले नेत्रकुंभ क आयोजन होई, जवने में पांच लाख से जियादे आंखि के मरीजन के जांचि होई अउर निःसुल्क चसमो दीहल जाई। जरूरतमंद लोगिन के आंखि क ऑपरेसनों नगिच्चे के अस्पताल में फ्री में कइल जाई।

**********

समाजवादी पारटी क विधायक जाहिद बेग क भदोही में सम्पत्ति कुर्क कइले क कार्रवाई सुरू कइ दिहल गइल हवे। उत्तर प्रदेस पुलिस विधायक के आवास के अन्दर समानन क गिनती कइ रहलि हउवे। जाहिद बेग अउर उनके पत्नी के खिलाफ नाबालिग से मजूरी करवले अउर एगो नाबालिग के आत्महत्या खातिर उकसवले क मामिला दरज बाटे।

**********